**दिन–रविवार** **दिनांक–09.11.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि– 05 मिनट

---

बिहार विधानसभा चुनावक दोसर आ अंतिम चरणक लेल आई प्रचार संपन्न भऽ गेल। एहि चरण मे बीस जिलाक एक सय बाईस विधानसभा क्षेत्र मे एगारह नवम्बर के भोट खसाओल जायत। दोसर चरण मे तीन करोड़ सत्तरि लाख सँ बेसी मतदाता एक हजार तीन सय दू प्रत्याशी लोकनिक भाग्यक निर्णय करताह। एहि मे एक सय छत्तीस महिला प्रत्याशी छथि। एनडीए आ महागठबंधनक नेता लोकनि अपन–अपन प्रत्याशी के पक्ष मे चुनाव प्रचार कयलनि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केंद्रीय गृहमंत्री अमित शाह रोहतासक सासाराम मे, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह गयाजी मे, उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अररिया मे, मध्य प्रदेशक मुख्यमंत्री मोहन यादव सीतामढ़ी मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। ओतहि, जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कैमूर जिलाक चैनपुर विधानसभा क्षेत्र मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। ओतहि, महागठबंधनक दिस सँ मुख्यमंत्री पदक उम्मीदवार तेजस्वी प्रसाद यादव आई कैमूर मे, कांग्रेस नेता राहुल गांधी किशनगंज मे, पवन खेड़ा पटना मे आ वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी सेहो चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। समाजवादी पार्टीक प्रमुख अखिलेश यादव, जनशक्ति जनता दलक राष्ट्रीय अध्यक्ष तेज प्रताप यादव आ जनसुराजक संस्थापक प्रशांत किशोर सेहो चुनावी सभा के संबोधित कयलनि।

---

दोसर चरण मे एनडीए आ महागठबंधनक घटक दल सभक संग कतेको आन पार्टीक उम्मीदवार सेहो चुनाव मैदान मे छथि। एहि चरण मे भाजपा के बावन, जदयूक पैंतालीस, लोजपा रामविलासक पंद्रह, हम के छओ आ राष्ट्रीय लोक मोर्चा के चारि उम्मीदवार मैदान मे छथि। ओतहि राजदक सत्तरि, कांग्रेसक सैंतीस, वीआईपी के आठ, भाकपा माले के पांच, सीपीआई के चारि आ सीपीएम के दू उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। एहि चरण मे करगहर, चैनपुर, नरकटियागंज आ सुल्तानगंज विधानसभा क्षेत्र सभ मे महागठबंधनक घटक दल सभक उम्मीदवार एक दोसर के सोझा छथि।

---

दोसर चरण मे जाहि बीस जिला मे मतदान हेबाक अछि, ओहि मे पूर्वी आ पश्चिमी चम्पारण, सीतामढ़ी, शिवहर, मधुबनी, सुपौल, अररिया, किशनगंज, पूर्णियां, कटिहार, भागलपुर, बांका, जमुई, नवादा, गया, औरंगाबाद, जहानाबाद, अरवल, कैमूर आ रोहतास जिला सम्मिलित अछि। एहि चरण मे बारह मंत्री आ पंद्रह पूर्व मंत्री सहित एक हजार तीन सय दू उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। एहि चरण मे जाहि प्रमुख मंत्री लोकनिक भाग्यक निर्णय हेबाक अछि, ओहि मे सुपौल सँ बिजेन्द्र प्रसाद यादव, चकाई सँ सुमित सिंह, झंझारपुर सँ नीतीश मिश्र, अमरपुर सँ जयंत राज आ छातापुर सँ नीरज कुमार सिह सम्मिलित छथि। एकर संगहि, बेतिया सँ रेणू देवी, धमदाहा सँ लेशी सिंह, हरसिद्धि सँ कृष्ण नंदन पासवान, चैनपुर सँ जमा खां चुनावी मैदान मे छथि। एकर अलावे, जाहि प्रमुख नेता लोकनिक भाग्यक निर्णय हेबाक अछि, ओहि मे सिकंदरा सँ पूर्व विधानसभा अध्यक्ष उदय नारायण चौधरी, कुटुम्बा सँ कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम, कदवा सँ कांग्रेस विधायक दलक नेता शकील अहमद खान आ बलरामपुर सँ भाकपा माले विधायक दलक नेता महबूब आलम सम्मिलित छथि।

---

दोसर चरण मे एक सय बाईस विधानसभा क्षेत्र सँ कतेको निर्वाचन क्षेत्र मे सुरक्षा कारण सँ मतदानक समय मे कटौती कयल गेल अछि। राज्यक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी अमित कुमार पांडेय जनौलनि जे जमुई जिलाक सभ चारू विधानसभा क्षेत्र– सिकंदरा, जमुई, झाझा आ चकाई मे मतदान भोर सात बजे सँ सांझ पांच बजे धरि होयत। ओतहि, कैमूरक चैनपुर आ नवादा जिलाक रजौली तथा गोविन्दपुर विधानसभा क्षेत्र मे मात्र सांझ पांच बजे धरि भोट खसाओल जायत। ओ जनौलनि जे कटोरिया, बेलहर, गोह, नवीनगर, कुटुम्बा, औरंगाबाद, रफीगंज, गुरूआ, शेरघाटी, ईमामगंज, बाराचट्टी आ बोधगया निर्वाचन क्षेत्र सभ मे किछु मतदान केंद्र पर सांझ पांचे बजे धरि भोट खसाओल जायत।

---

दोसर चरणक चुनाव के लऽकऽ सभ निर्वाचन क्षेत्र मे सुरक्षाक कड़गर व्यवस्था कयल गेल अछि। दू लाख सँ बेसी केंद्रीय बलक जवान लोकनि के विभिन्न स्थान सभ पर प्रतिनियुक्त कयल गेल अछि। पुलिस महानिदेशक विनय कुमार चुनावक दरमियान गड़बड़ी करयवला के तुरंत जेल पठेबाक निर्देश देलनि अछि। ओ कहलनि जे जिला बल के अतिरिक्त उनसठि कंपनी बी–सैफ, पैंतालीस हजार होमगार्ड आ प्रशिक्षु सिपाही सेहो चुनावी ड्यूटी मे तैनात कयल गेल छथि। एम्हर, विधानसभा चुनाव के देखैत भारत–नेपाल अंतर्राष्ट्रीय सीमा के सील कऽ देल गेल अछि। भारत–नेपाल समन्वय समिति के बैसक मे ई निर्णय लेल गेल। ओतहि, बिहार सँ सटल राज्य उत्तर प्रदेश, पश्चिम बंगाल आ झारखंड के सीमा के सील कऽ

देल गेल अछि। सीमा पर एगारह नवम्बर के मतदानक समाप्ति के बादे आवाजाही सामान्य होयत।

———————————————————————

पछुआ हवा के प्रभाव सँ प्रदेशक उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे कमी दर्ज कयल जा रहल अछि। भोर आ सांझक समय ठंडा बढ़ि जायत अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार आई गयाजी मे न्यूनतम तापमान तेरह दशमलव पांच डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। प्रदेशक बेसीतर जिलाक न्यूनतम तापमान बीस डिग्री सेल्सियस सँ नीचाँ रिकॉर्ड कयल गेल। विभाग अगिला तीन सँ चारि दिन मे राज्यक किछु स्थान पर भोरक समय हल्का सँ मध्यम स्तर के कुहेस लागल रहबाक संभावना जनौलक अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।